

REZIME BIDJÈ A

PREZANTASYON JENERAL POU ANE FISKAL 2025-26
BIDJÈ POU NORWALK PUBLIC SCHOOLS (LEKÒL PIBLIK NORWALK)

Moun ki prepare l:

DEPATMAN FINANS
Lekòl Piblik Norwalk

Dat Piblikasyon: 21 Janvye 2025



ANGAJMAN NOU PRAN



5 PRIYORITE ESTRATEJIK

PREPARASYON POU LAVNI

Prepare tout elèv yo pou yo ka pare pou edike tèt yo plis apre lekòl klasik, pou yo vin gen yon karyè epi jwenn opòtinite pou gen anplwa, epitou pou yo vin plis angaje yon fason global nan lidèchip yo.

EGALITE.

Asire opòtinite, fasilite, eksperyans ak rezulta ki ekilibre (egal) pou tout elèv yo.

EKSELANS.

Atenn ekselans nan tout aspè òganizasyon nou an atravè sistèm efikas, anviwònman aprantisaj modèn ak pwoesisis amelyorasyon kontini.

ANGAJMAN.

Asire tout timoun, fanmi, manb ekip yo ansanm ak kominate a enfòme, enplike, epi santi yo byen akeyi ann lekòl nou yo.

BONJAN KALITE ENSTRIKSYON AK SIPÒ

Kreye yon sistèm aprantisaj entèlektyèl motive ki gen sipò sible pou pwodiksyon kwasans sosyal, emosyonèl ak akademik.

Travay nou an baze sou plan estratejik ak priyorite nou yo.
Nou pran angajman pou nou sèvi elèv nou yo san fòs kote.

MISYON NOU

Nan Lekòl Piblik Norwalk yo, misyon nou se bay yon edikasyon ekselan epi ki ekilibre, yon fason pou TOUT elèv ki pral diplome alavni kapab pare antanke sitwayen responsab, enplike yon fason global epi kontribye yon fason pozitif nan yon mond divèsifye ki toujou ap chanje.

VIZYON NOU

Norwalk Public Schools ap konstrui yon mond ki san patipri epi ki jis kote chak grenn elèv nan Norwalk prepare pou tout aspè nan lavi a.



LEKÒL PIBLIK NORWALK KOMITE EDIKASYON



Diana Carpio



Sheri McCready-Pritchett



Kara Nelson Baekey



Janine W. Randolph



Colin Hosten



Mary Ellen Flaherty-Ludwig



Howard White



Ashley Gulyas



Jasmine Prezzie

SA KI NAN LIV LA



- 05** YON MESAJ DIREKTRIS JENERAL LA
- 06** YON MESAJ DIREKTÈ FINANSYE A
- 07** TRANSPARANS FINANSYE
- 08** PWOESISIS BIDJETÈ
- 09** REKRITMAN AK ANPLWAYE YO
- 10** BIDJÈ AK REKRITMAN POU ANE 2025-26 LA
- 12** APÈSI SOU ENSKRIPSYON YO
- 15** PWEN ESANSYÈL SOU ELÈV YO
- 16** PWOJÈ ENVESTISMAN
- 17** PRIYORITE BIDJETÈ

YON MESAJ DIREKTRIS JENERAL LA

"Pwogrè nou fè jiskaprezan se pa yon aksidan. Li se rezulta envestisman estratejik epi ki fèt yon fason ki klè nan resous yo, epi ki reponn ak divès bezwen elèv nou yo. Sepandan, pou nou kapab kenbe epi ranfòse siksè sa a li mande pou gen yon sipò ak yon angajman ki ap kontinye. Si nou mete efò sa yo sou poz oswa nou redui yo li kapab defèt rezulta nou te travay anpil pou jwenn yo, epi li kapab limite opòtinite pou elèv nou yo."



DOKTÈ ALEXANDRA ESTRELLA
DIREKTRIS JENERAL



Lekòl Biblik Norwalk yo fè pwogrè estab pandan senk dènye ane yo, epi siksè sa a sòti nan angajman nou pran anvè misyon nou an ki se: ofri edikasyon ki ekselan epi ki san patipri, konsa tout elèv ki ap gradye alavi yo ap pare. Pandan nou t ap devlope bidjè a pou ane fiskal 2025-26 la, chak desizyon nou pran te apiye sou plan estratejik nou an ak senk priyorate estratejik ki makonnen ak tout sa n ap fè.

Sa ki pi enpòtan, travay sa a n ap fè a baze sou 'poukisa n ap fè sa' – ki se elèv nou yo.

Pwogrè nou fè jiskaprezan se pa yon aksidan. Li se rezulta envestisman estratejik epi ki fèt yon fason ki klè nan resous yo, epi ki reponn ak divès bezwen elèv nou yo. Sepandan, pou nou kapab kenbe epi ranfòse siksè sa a li mande pou gen yon sipò ak yon angajman ki ap kontinye. Si nou mete efò sa yo sou poz oswa nou redui yo li kapab defèt rezulta nou te travay anpil pou jwenn yo, epi li kapab limite opòtinite pou elèv nou yo.

Se nan lide sa a, ekip mwen an ansanm ak mwen prezante Bidjè Fonksyònman pou Fon Fonksyònman Direktris la Rekòmande ki se \$255.96 milyon pou Ane Fiskal 2025-26 la. Pwopozisyon sa a reflete yon refleksyon apwofondi nou fè sou priyorate distrik nou an ansanm ak reyalite n ap fè fas yo.

Bidjè nou mande a pran an konsiderasyon ogmantasyon frè sèvis edikasyon espesyal yo ak frè eskolarite ki pa nan distri a, peman ak avantaj pou anplwaye yo, transpò ak frè sèvis publik. Epitou, li pran an konsiderasyon nesesite pou reyentegre nan bidjè lokal la finansman pwogram kle yo. Se yon apwòch ekilibre ki fèt nan objektif pou kenbe gwo kalite edikasyon ak sèvis sipò elèv, pèsonèl ak fanmi yo ap atann chak jou.

YON MESAJ DIREKTÈ FINANSYE A

"GID SA A AP PREZANTE DONE KI BAZE SOU FÈ, L AP SOULIYEN SA NOU REYALIZE AK DEPANS NOU TE FÈ NAN ANE KI PASE A, EPI I AP PREZANTE PWEN KOTE NOU GEN BEZWEN NOUVO BIDJÈ A AP PRAN AN KONSIDERASYON."

Rezime Bidjè a se yon gid ki fèk kreye ki bay yon apèsi wo nivo sou bidjè lekòl la epi ki mete yon aksan espesifik sou elaborasyon bidjè pou Ane Fiskal 2025-26 lan pou Lekòl Piblik Norwalk yo.

Gid sa a gen pou objektif eksplike kijan finansman yo pral depanse epi ki enpak li pral genyen sou aprantisaj ak rezulta elèv Lekòl Piblik Norwalk yo. Li bay yon fòma ki fasil pou itilize epi yon gwo pati nan kominote a an jeneral ap kapab itilize l.

Objektif la se fè konprann bidjè a epi asire gen transparans pou manm kominote a, yon fason pou yo ka met tèt ansanm pou patisipe nan elabore bidjè a ansanm ak priyrite ki enpòtan pou kominote a ak pou elèv yo. Gid sa a pral pèmèt moun yo patisipe nan deba ki avize sou chwa gouvènman lokal yo fè. Yon sistèm eskolè piblik itilize bidjè pa li pou dekri plan pwogram li yo pou ane k ap vini a.

Li se yon apèsi sou pwosesis bidjetè lekòl la epi li pral reponn kesyon ki vrèman enpòtan yo. Gid sa a ap prezante done ki baze sou fè, l ap souliyen sa nou reyalize ak depans nou te fè nan ane ki pase a, epi i ap egzaminen pwen kote nou gen bezwen yo nouvo bidjè a ap pran an kont. Mete sou sa, gid sa a pral eksplike pwosesis bidjè a ak kijan bidjè pou elèv yo fonksyone.



LUNDA ASMANI, CPFO
CHIEF FINANCIAL OFFICER

Gid sa a ap fè konparezon ak lòt distri eskolè yo, epi i ap prezante envestisman Vil Norwalk fè nan konstriksyon batiman eskolè tou. Pou fini, dokiman sa a ap egzaminen priyrite ki motive demann bidjè a pou Ane Fiskal 2025-26. Objektif Rezime Bidjè se mete finans piblik la an kontak ak lavi chak jou a, toutpandan n ap fè efò pou fè kominote nou an vin yon pi bon kote pou tout moun.

TRANSPARANS FINANSYE



2022-23

2023-24

2024-25

Lekòl Piblik Norwalk yo kwè nan transparans finansye ak nan bay rapò ki eksepsyonèl epi yo fyè dèské yo resevwa, pou yon twazyèm ane youn dèyè lòt, Prim pou Bidjè ki Eksepsyonèl la (Meritorious Budget Award, MBA), se Asosyasyon Entènasyonal Responsab Lekòl yo ki te prezante li (Association of School Business Officials International, ASBO).

Yon fason pou yo ka resevwa prim bidjè a, dokiman Bidjetè Lekòl Piblik Norwalk la te dwe respekte kritè yo rekonèt nan nivo nasyonal pou yon prezantasyon bidjè efikas. Kritè yo fèt pou evalye kijan bidjè a se:

- yon dokiman estratejik
- yon plan finansye
- yon gid operasyonèl
- yon zouti komunikasyon



PWOSESIS BIDJETÈ

YON TI APÈSI

Pwosesis pou ekri bidjè a ki fèt chak ane a se yon pwosesis kolaborasyon ki fèt alafwa ant pati entèn ak pati ekstèn yo. Li se yon reprezentasyon plan estrateji distri a ki konbine ak bezwen epi swè kominate a




REKRITMAN AK ANPLWAYE YO



Wòl komite a se pou defini misyon, vizyon ak valè pou distri a; yo dwe angaje yon direktè jeneral ki konpetan epi ki kalifye; kreye politik pou pèmèt sistèm lekòl la fonksyone; detèmine bezwen finansye epi afekte fon ki nesesè pou fonksyònman lekòl yo. Epitou, yo dwe anplwaye pèsònèl ki nesesè pou distri eskolè a fonksyone yon fason efikas.

Komite Edikasyon an anplwaye Direktè Jeneral Lekòl yo epi li konte sou Direktè Jeneral la ansanm ak anplwaye yo pou yo bay enfòmasyon bidjetè ak fiskal ki egzat y ap kapab itilize pou pran desizyon sou depans yo.

Moun k ap vote yo ap gen enpak final sou bidjè yo prezante nan toulede bò tab òganizasyon an, kòmanse ak vòt pou manm Komite Edikasyon an, pou fini ak gwoup kominate paran an. Gwoup lokal sa yo bay opinyon sou bidjè chak lekòl, ki reprezante yon pati enpòtan nan bidjè global distri a.




SEPARASYON BIDJÈ AK REKRITMAN POU ANE FISKAL 2025-26 LA



Bidjè 2024-26 lan gen 1,946 Ekivalan Aplentan (Full Time Equivalent, FTE). FTE sa yo finanse pa mwayen plizyè sous ki gen ladan total fon lokal ak fon sibvansyon yo. 85,7% nan bidjè a te atribye pou sèvis nan salklas ki gen ladan sipò elèv, pwofesè, asistan pedagojik yo, lòt fòm sipò pedagojik ak wòl sosyal ak emosyonèl tankou travayè sosyal ak konseye yo. 97% nan FTE yo nan bidjè a atribyi dirèkteman ak lekòl yo pou fonksyònman elèv yo. Fon Jeneral la, yo rekonèt li tou sou non fon lokal la, gen ladan fonksyònman jeneral Konsèy Edikasyon an (BOE). Bidjè Direktè Jeneral la pwopoze pou Fon Jeneral la rive nan \$255.96 milyon dola pou 2025-26, sa ki reprezante 87% nan tout depans fonksyònman Komite Edikasyon an, epi se Fon Jeneral Vil Norwalk la ki finanse l.

SEPARASYON BIDJÈ AK REKRITMAN POU ANE FISKAL 2025-26 LA




Yo rapòte fon Sibvansyon yo nan yon fon separe, epi yo pa gen ladan finansman kontribyab lokal yo. Sibvansyon yo gen ladan I revni ki soti nan fon eta a, lokal ak prive epi yo reprezante yon estimasyon 10% nan tout depans fonksyònman Komite Edikasyon yo oswa \$30.66 milyon dola pou ane eskolè 2025-26 lan. Fon sibvansyon yo ede nan amelyore ak kreye pwogram ki pa finanse nan bidjè lokal la.

Estimasyon Bidjè Sèvis Alimantè pou egzèsis fikal 25-26 la se \$7.92 milyon dola oswa 3% nan tout depans fonksyònman Komite Edikasyon a pou ane eskolè 2025-26 lan. Fon pou repa eskolè a gen ladan tout revni ak depans fonksyònman ki asosye ak bay bonjan kalite manje, ki nourisan ak ba pri. Epitou, fon sa a resevwa revni atravè frè pou manje ak sibvansyon eta a ak gouvènman federal la, epi yo kalkile I chak ane.


APÈSI SOU ENSKRIPSYON YO

Kantite total elèv ki enskri yo enfliyanse bidjè a. Men, sa ki pi empòtan an, melanj ak konpozisyon elèv yo chak ane afekte depans bidjetè yo. Konpozisyon demografik elèv yo gen yon enfliyans dirèk sou bezwen elèv yo ansanm ak sou depans ki nesesè nan bidjè a.

Elèv yo benefisyé yon repa gratis oswa ak pri redui epi elèv ki nan Edikasyon Espesyal yo kontinye ap ogmante ane apre ane. Sa pa gen lontan, chanjman nan lwa yo te afekte elèv ki nan ansèyman espesyalize yo, ki te egzise pou sèvis yo kontinye apre 22yèm anivèsè nesans elèv la rive jis nan fen ane eskolè a. Epitou, elèv k ap aprann plizyè lang yo te atenn yon maksimòm ki empòtan ane sa a ak nan dènye ane ki sot pase yo. Epitou, sa pral mande pou nou fè planifikasyon pou plis enskripsiyo ak sèvis asosye ki nesesè. Pandan Covid la, kantite enskripsiyo yo te rete estab. Nan dènye ane sa yo, nou remake tandans enskripsiyo yo ap retounen nan nivo yo te ye anvan-covid la, jan demograf ekstèn yo te prevwa sa a. Pwojeksyon enskripsiyo ki sot pase yo ak kantite reyèl elèv ki enskri kounye a pi konpatib avèk modèl enskripsiyo Norwalk alontèm yo.




APÈSI SOU ENSKRIPSYON YO




APÈSI SOU ENSKRIPSYON YO


Manje midi gratis ak pri redui




Enskripsyon selon Ras/Etni



Elèv ki Pale Plizyè Lang (Multilingual Learner, MLL).



Edikasyon Espesyalize (SPED)



PWEN ESANSYÈL SOU ELÈV YO

Yo itilize Endis Pèfòmans Distri a (District Performance Index, DPI) pou swiv tandans yo anrapò ak rezulta yo ki baze sou rezulta tès eta a. Yo kalkile DPI a selon matyè yo pou Konpetans nan Lang Anglè (English Language Arts, ELA), Matematik, ak Syans.

Nou sèvi ak pi gwo vil Connecticut yo kòm yon gwooup konparezon, endis pèfòmans Norwalk pou Konpetans nan Lang Anglè (English Language Arts, ELA), Matematik, ak Syans #1.

Malgre Norwalk toujou gen pi gwo endis pèfòmans pase gwo vil yo, n ap kontinye travay san kanpe pou atenn nivo global eta a.

Elèv - Pwogrè Akademik pou Vil Connecticut*
SB AC Pousantaj Objektif Nou Atenn

Vil	ELA PTA			Mat PTA		
	2022	2023	2024	2022	2023	2024
Bridgeport	60.5%	49.5%	51.3%	56.6%	50.3%	55.2%
Danbury	59.3%	55.2%	52.5%	61.0%	57.2%	52.7%
Hartford	51.9%	50.8%	52.2%	53.6%	52.1%	51.8%
New Britain	53.6%	51.2%	48.9%	55.0%	56.8%	51.0%
New Haven	58.7%	52.1%	56.0%	59.7%	52.9%	52.3%
Norwalk	57.1%	55.3%	57.0%	62.6%	60.1%	60.8%
Stamford	56.6%	52.6%	54.3%	58.2%	56.4%	55.2%
Waterbury	58.6%	50.6%	58.1%	52.6%	51.9%	52.6%
Eta	60.4%	57.2%	58.7%	65.2%	61.8%	61.4%

NORWALK HIGH SCHOOL / P-TECH NORWALK



PWOJÈ ENVESTISMAN

KONSTWI POU LAVNI

Gen pwojè konstriksyon de (2) novo lekòl ki ap fèt aktyèlman nan distri a – Norwalk High School/ P-TECH Norwalk ak South Norwalk Elementary School.

Nouvo South Norwalk (SONO) Elementary School la ofri kominote South Norwalk premye lekòl nan katye a depi plis pase 40 lane. Pwojè SONO a se ap premye pwojè konstriksyon lekòl k ap fini avèk yon to ranbousman eta a ki se 60%.

SOUTH NORWALK ELEMENTARY SCHOOL



PRIYORITE BIDJETÈ

Priyorite bidjè 2025-26 yo asosye ak plan estratejik la ansanm ak objektif distri yo. Priyorite yo reflete kòmantè kominate a ak bezwen elèv yo. Epitou, priyorite yo gen ladan I eleman ki pa negosyab, tankou manda eta a ak bay bonjan kalite sèvis lalwa egzije yo. Entansyon distri a se pou bay elèv yo bonjan kalite edikasyon epi ki ekitab, pou yo diplome epi prepare yo pou lavni, pou yo rive abòde divès kalite bezwen popilasyon an genyen.



SIBVANSYON



**FON POU
SÈVIS MANJE**

Norwalk Public Schools (NPS) ta dwe resevwa \$30.66 milyon nan fon sibvansyon an pou Ane Fiskal 2025-26 la, sa ki reprezante 10.4% bidjè fonksyònman total la. Yon fason jeneral sibvansyon yo diminye, avèk \$2.9 milyon sibvansyon, prensipalman pou kesyon sante mantal ak titora ki ap ekspire nan sezon prentan 2025. Sibvansyon \$15 milyon ki ap kontinye sou senk lane pou Magnet School Assistance Program (MSAP), epi ki gen kòm objektif kreye yon pakou STEAM depi nan matènèl pou rive 12zyèm ane (K-12), se yon sous finansman esansyèl ki ap kontinye.

Distri a ap kontinye fè demann sibvansyon ki konpetitif, avèk yon finansman potansyèl ki se \$1.6 milyon pou Ane Fiskal 2025-26 la. Sibvansyon konpetitif yo ankouraje inovasyon, pandan sibvansyon ki fèt sou baz dwa yo ofri yon finansman estab pou pwogram tankou Title I ak IDEA, avèk restriksyon sou fason pou itilize I. Nou ap siprime apre dat ekspirasyon an plizyè pwogram ki finanse ak sibvansyon yo, espesyalman sa ki gen rapò ak sipò konpòtmantal yo.

Finansman sa yo kouvri tout revni ak depans ki gen rapò ak sèvis manje, epi li fèt nan lide pou pèmèt yo otonòm. Sepandan, nan ane ki sot pase yo, distri a te transfere fon pou kouvri defisi yo. Fon Federal ki te genyen pandan pandemi a te ede kenbe fon an, epi distri a te fè tranzisyon nan Pwogram Kalifikasyon Kominotè (Community Eligibility Program, CEP) kote li ofri manje gratis bay tout elèv yo. Pou Ane Fiskal 2025-26 la, nou prevwa yon defisi \$1.2 milyon akoz rediksyon pou ranbousman eta a. Depi lè nou mete pwogram CEP a sou pye, patisipasyon elèv yo nan pwogram alimantè a ogmante a 42.6%. Kounye a, distri a gen pou deside si y ap fè demann pou kontinye patisipe nan CEP pou ane k ap vini yo. Anplis, distri a te atribiye ak Chartwells yon kontra senk lane pou sèvis manje ki ap rantre an vigè nan lane 2024-25 la.

PRIYORITÉ BUDGET



EDIKASYON ESPESYAL AK ELÈV KI PALE PLIZYÈ LANG

Demann pou sèvis aprantisaj espesyalize, li gen ladan l sa ki rantre nan kad IDEA, sibi yon gwo ogmantasyon, sa ki reprezante plis pase 17% gwoup elèv nou an pou Ane Fiskal 2025–26 la. Kwasans sa a ansanm ak ogmantasyon frè eskolè ki pa nan distri a epi dekrè kote leta pa finanse yo kreye yon fado finansye. Distri a gen obligasyon pou ofri sèvis sa yo, menm si se nan distri a oswa atravè fournisè ekstèn. Anplis, kantite Elèv ki Pale Plizyè Lang (Multilingual Learner, MLL) ogmante pa rapò ak vag migrasyon nasyonal la.

Pou fè fas ak difikilte sa yo, NPS envesti nan pwogram Edikasyon Espesyal ki nan distri a, sa ki pèmèt nou fè gwo ekonomi konpare ak pwogram ekstèn yo. Pwogram sa yo pral ranfòse devlopman akademik, angajman kominotè ak devlopman sosyal. Envestisman anplis n ap fè nan devlopman pwofesyonèl pwofesè yo pral ranfòse kapasite distri a pou reponn ak divès bezwen elèv yo epi atire fanmi yo, anrichi eksperryans edikatif la epi fè pwomosyon divèsite. Inisyativ sa a gen pou objektif sèvi kòm modèl pou lòt kominate yo, demontre valè edikasyon enklizif epi ki baze sou kominate.



OGMANTASYON ENFLASYON NOU PA KAPAB KONTWOLE AK MOUVMAN FINANS KI FÈT ALÈ

Enflasyon nasyonal ki genyen sou sèvis publik yo ak lòt depans yo ap fè yon gwo presyon sou bidjè distri eskolè yo nan tout peyi a. Ogmantasyon frè pou dlo ak enèji a devye fon ki te la pou sèvis edikatif esansyèl yo. Pou Ane Fiskal 2025–26, nou prevwa pou ogmante bidjè depatman transpò NPS la a \$1.15 milyon oswa 10% akoz ogmantasyon kontra ak manda yo. Nou ap atann depans pou sèvis publik, tankou kouran ak gaz natirèl ogmante a \$1 milyon ane pwochèn tou.

Anplis, ekspirasyon fon sibvansyon, ansanm ak ogmantasyon kontraktyèl ki depase kwasans sibvansyon ki disponib la, fè yon gwo enpak sous resous finansyè yo. Sa vin kreye gwo difikilte pou kenbe ekselans atravè distri a.



KONTAKTE NOU

Norwalk Public Schools

125 East Ave

Norwalk, CT 06852-6001

203.854.4000

communications@norwalkps.org

www.norwalkps.org